**दिन—शनिवार** **दिनांक—11.10.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————————

विधानसभा चुनावक पहिल चरणक लेल नामांकनक प्रक्रिया शुरू भेलाक बाद सेहो एनडीए आ महागठबंधनक मध्य सीटक बटवारा के अंतिम रूप नहि देल जा सकैत अछि। दुनू गठबंधनक घटक दल सभक मध्य गपशप के प्रक्रिया आओर तेज भऽ गेल अछि। पटना सँ लऽकऽ दिल्ली धरि लगातार बैसक कयल जा रहल अछि।

————————————————————

एनडीए मे सीटक बटवारा के लऽकऽ दिल्ली मे भाजपा कोर कमिटि के आइ एक महत्वपूर्ण बैसक भेल। एहि बैसक मे पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष जे.पी नड्डा आ वरिष्ठ नेता तथा केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह सेहो सम्मिलित छलाह। एकर अलावे पार्टीक बिहार प्रभारी विनोद तावड़े, चुनाव प्रभारी धर्मेन्द्र प्रधान, प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल सहित कतेको वरिष्ठ नेता बैसक मे सम्मिलित भेलाह। बैसक के बाद भाजपा सांसद धर्मशीला गुप्ता जनौलनि जे बैसक मे एनडीए के घटक दल सभक मध्य सीटक बटवारा के लऽकऽ चर्चा भेल। काल्हि पार्टीक केन्द्रीय चुनाव समितिक बैसक मे प्रत्याशी लोकनिक चयन पर चर्चा कयल जायत।

————————————————————

महागठबंधनक घटक दल सभक मध्य सीटक बटवारा के लऽकऽ मामिला ओझरबैत जा रहल अछि। भेटल जनतबक अनुसार कांग्रेस सीटक तय फॉर्मूला सँ असंतुष्ट अछि। एहि क्रम मे आइ राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव, कांग्रेस नेता राहुल गांधी सँ टेलीफोन पर गपशप कयलनि अछि। एम्हर राजद अध्यक्ष लालू प्रसादक अध्यक्षता मे आइ पटना मे पार्टीक एक आपातकालीन बैसक भेल। बैसक मे पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष मंगनी लाल मंडल सहित पार्टीक सभ विधायक सम्मिलित भेलाह। बैसक मे मुख्य रूप सँ महागठबंधनक घटक दल सभक मध्य सीटक बटवारा आ प्रत्याशी लोकनिक चयन के लऽकऽ विचार—विमर्श कयल गेल।

————————————————————

महागठबंधन मे सीट बटवारा के लऽकऽ जारी गतिरोधक मध्य कांग्रेसक सेहो आइ एक आपातकालीन बैसक भेल। ऑनलाईन भेल एहि बैसक मे पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम,

प्रदेश प्रभारी कृष्णा अल्लावरू सहित कतेको वरिष्ठ नेता आ दिल्ली सँ स्क्रीनिंग कमिटि के सदस्य तथा वरिष्ठ पर्यवेक्षक सम्मिलित भेलाह। बैसक के बाद प्रदेश अध्यक्ष राजेश राम जनौलनि जे सीटक बटवारा के लऽकऽ कांग्रेस पूर्णरूपेण तैयार अछि।

———————————————————————

लोक जनशक्ति पार्टी, रामविलास अध्यक्ष चिराग पासवान के बिहार विधानसभा चुनाव मे सीट शेयरिंग आ उम्मीदवार लोकनिक चयनक लेल अंतिम रूप सँ अधिकृत कयलक अछि। आइ नव दिल्ली मे पार्टीक केंद्रीय संसदीय बोर्डक बैसक मे ई निर्णय कयल गेल। बैसक के बाद सांसद शांभवी चौधरी कहलनि जे एनडीए मे सीटक बंटवारा के लऽकऽ गपशप जारी अछि आ अंतिम निर्णय राष्ट्रीय अध्यक्ष लेताह।

———————————————————————

हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा के संरक्षक जीतनराम मांझी आ अध्यक्ष संतोष कुमार सुमन आइ नव दिल्ली मे भाजपा अध्यक्ष जे.पी नड्डा के संग भेट कयलनि। संगहि, राष्ट्रीय लोक मोर्चा के अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा सेहो श्री नड्डा सँ हुनक आवास पर जा कऽ भेट कयलनि अछि। श्री नड्डा के संग दुनू नेता के भेल भेट मे सीटक बटवारा के लऽकऽ चर्चा भेल।

———————————————————————

जहानाबाद के पूर्व सांसद अरूण कुमार अपन पुत्र ऋतुराज के संग आइ जदयू मे सम्मिलित भऽ गेलाह। पटना मे जदयू कार्यालय मे आयोजित मिलन समारोह मे पार्टीक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा हुनका पार्टीक प्राथमिक सदस्यता दियौलनि।

———————————————————————

भाजपा विधायक मिश्रीलाल यादव पार्टीक प्राथमिक सदस्यता सँ त्यागपत्र दऽ देलनि अछि। श्री यादव कहलनि जे पार्टी मे गरीब आ पिछड़ल लोक सभक कोनो सम्मान नहि अछि, जाहि कारण ओ अपन त्यागपत्र देलनि अछि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेंद मोदी आइ नव दिल्ली मे एक विशेष कार्यक्रम मे कृषि आ एहि सँ जुड़ल क्षेत्र सभ मे बियालीस हजार करोड़ टाका सँ बेसी के कतेको परियोजना सभक शुभारंभ, लोकार्पण आ शिलान्यास कयलनि। श्री मोदी पैंतीस हजार करोड़ टाका सँ बेसी के

लागति बला कृषि क्षेत्रक दू प्रमुख पहल– प्रधानमंत्री धन धान्य कृषि योजना आ दलहन मे आत्मनिर्भरता मिशनक शुभारंभ कयलनि। कार्यक्रमक दरमियान प्रधानमंत्री कृषि, पशुपालन, मत्स्य पालन आ खाद्य प्रसंस्करण क्षेत्र मे पांच हजार चारि सय पचास करोड़ टाका सँ बेसी मूल्यक परियोजना सभक उद्घाटन कयलनि आ आठ सय पंद्रह करोड़ टाकाक अतिरिक्त परियोजना सभक आधारशिला सेहो राखलनि।

———————————————————————

कृतज्ञ राष्ट्र आइ महान स्वतंत्रता सेनानी आ संपूर्ण क्रांति के जनक लोक नायक जयप्रकाश नारायणक हुनक जयंती पर श्रद्धापूर्वक स्मरण कऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी लोक नायक के हुनक जयंती पर श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।एम्हर, उप राष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन जे.पी. के जन्म स्थली सारण जिलाक सिताब दियारा मे आयोजित कार्यक्रम मे सम्मिलित भेलाह। ओ जे.पी. के प्रतिमा पर पुष्पांजलि अर्पित कऽ हुनक योगदान के स्मरण कयलनि। संगहि ओ लोक नायक के पैतृक आवास आ प्रभावती पुस्तकालय के सेहो दौरा कयलनि।

———————————————————————

समाप्त